

# Ekstansyon Navigatè

Aprann kijan pou asire w ke ekstansyon navigatè w ap itilize yo san danje epi sekirize.

## 1. Kisa Ekstansyon Navigatè Yo Ye?

Ekstansyon navigatè yo se yon ti kras tankou aplikasyon yo ye. Ou kapab enstale yo pou yon varyete navigatè diferan, tankou Chrome oswa Firefox. Epi menm jan ak aplikasyon yo, ou kapab jwenn navigatè atravè yon magazen ekstansyon navigatè pou diferan navigatè entènèt.

Ekstansyon navigatè yo kapab fè yon gwo varyete travay. Men kèk bagay yon ekstansyon navigatè kapab fè:

- Jwe yon jwèt
- Entegre yon sèvis, tankou pran nòt
- Jwenn notifikasyon
- Verifye ekriti w
- Chanje fason eksperyans itilizatè w la ap fonksyone, tankou chanje fason onglè ou yo fonksyone oswa chanje koulè oswa polis

## 2. Defi ki genyen ak Ekstansyon Navigatè yo

Ekstansyon navigatè yo kapab fè anpil bagay epi souvan yo kapab ede w fè travay oswa diferan aktivite sou entènèt yon fason pi efikas. Sepandan, yo kapab poze pwoblèm sekirite. Men kèk rezon ki fè sa:

- Souvan, ekstansyon navigatè yo mande otorizasyon pou yo travay byen, ki vle di yo kapab gen aksè ak kont ou ak enfòmasyon pèsonèl ou.

# NYC Digital Safety

## Privacy & Security

- Souvan, ekstansyon navigatè yo se tyès pati ki kreye yo, ki kapab lejitim oswa pa lejitim. Yon ekstansyon navigatè ki soti nan yon move sous ka vòlè modpas ou, vann done ou bay moun k ap fè piblisite oswa redirije w sou sit ki gen pwogram malveyan.
- Ekstansyon navigatè yo kapab fè mizajou otomatik, ki vle di yo kapab pirate yo epi kòmanse kolekte done w san ou pa reyalize anyen ki anòmal.

### 3. Asire ke Ekstansyon Navigatè Ou Yo Sekirize

Premyèman, fè yon lis ekstansyon navigatè ou itilize kounya:


Apresa, gade ekstansyon yo sou magazen ekstansyon navigatè pou navigatè entènèt ou a epi chèche ekstansyon an avèk non l sou entènèt.

- Èske gen kòmantè ki enkyetan?
- Èske ou abitye ak kreyatè ekstansyon sa a? Èske yo gen yon bon repitasyon?
- Kijan ekstansyon sa a fonksyone? Ki otorizasyon li mande?

Ekri obsèvasyon ou yo sou ekstansyon navigatè ou a la a, selon rechèch ou an ak sa ou te aprann:

# NYC Digital Safety

## Privacy & Security



Si gen yon bagay ki enkyetan, efase ekstansyon navigatè a!

### 4. Fè Atansyon Lè W ap Enstale Nouvo Ekstansyon Navigatè

Sèvi ak pi bon pratik sa yo pou asire w ke w ap enstale ekstansyon navigatè ki san danje epi ki sekirize alavni.

- Pa enstale twòp ekstansyon! Reflechi sou si wi oswa non ou reyèlman bezwen ekstansyon sa a anvan. Ki valè ekstansyon sa a ajoute?
- Li kòmantè ki fèt sou ekstansyon an
- Chèche enfòmasyon sou ki moun ki te kreye ekstansyon navigatè a. Èske yo gen yon bon repitasyon antanke devlopè entènèt lejitim?
- Asire w ke w konprann kijan ekstansyon an fonksyone epi ki otorizasyon li bezwen. Èske ou alèz ak otorizasyon li pral mande yo?